

# Supplemental Security Income (SSI)

Edisyon 2008



## Konprann Pwen Enpòtan SSI: Benefis ki Kontinye pou Moun Ki nan yon Enstitisyon Tanporè



### Sa k ap pase nan benefis SSI mwen si mwen ale nan yon mezon retrèt oswa nan yon lopital?

Anjeneral, si w antre nan yon mezon retrèt oswa nan lopital (oswa nan lòt sant medikal) kote Medicaid peye pou plis pase mwatye frè swen ou, benefis SSI ou ap limite a \$30 pa mwa. Kèk Eta bay benefis \$30 sa a. Nou ka diminye benefis SSI ou poutèt nenpòt [revni](#) ou ka genyen.

Si w gen 18 tan oswa plis epi w ap viv nan yon lopital leta kote Medicaid pa peye pou plis pase mwatye frè swen ou, ou ka pa elijib pou okenn benefis SSI.

Anjeneral, si yon timoun ki poko gen 18 tan antre nan yon mezon retrèt, yon lopital oswa lòt sant medikal kote Medicaid ak/oswa asirans maladi prive peye pou plis pase mwatye frè swen an, benefis SSI timoun nan ap limite a \$30 pa mwa (plis nenpòt peman siplemantè Eta a). Nou ka diminye benefis SSI ou poutèt nenpòt [revni](#) timoun nan ka genyen.

Si yon timoun ki poko gen 18 tan ap viv nan yon etablisman leta kote ni Medicaid ni asirans maladi prive, swa apa oswa ansanm, ap peye pou plis pase mwatye frè swen an, timoun nan ka pa elijib pou okenn benefis SSI.

### Esi m ap nan yon etablisman pandan yon tan ki kout?

Gen yon règ spesyal k ap aplike si w ap nan etablisman an pandan **90 jou** oswa mwens. Si w ba nou sèten enfòmasyon, ou ka kontinye resevwa chèk regilye SSI ou.

### Ki enfòmasyon mwen bezwen?

- ▶ Yon doktè dwe fè konnen alekri w ap nan etablisman an pandan **90 jou** oswa mwens.
- ▶ Nou bezwen tou yon deklarasyon ou menm oswa yon moun ki konnen sikonstans ou bay ki di ou bezwen benefis SSI yo pou konsève kay ou oswa fason w ap viv pandan w nan lopital la.

Nou bezwen deklarasyon sa yo imedyatman apre w fin antre nan etablisman an. Ou dwe soumèt yo anvan w kite oswa anvan w pase **90 jou** nan lopital la, kèlkeswa sa ki vin anvan.

Nou travay souvan avèk biwo admisyon pou enfòmasyon nou bezwen yo ka disponib byen vit. Biwo admisyon ou ka ede ou menm ak fanmi ou kontakte nou.